

MANJE ESPIRITYÈL

NAN BON SEZON AN



Sèlman kwè, sèlman kwè,
Tout bagay posib, sèlman . . .

Kouman, kounye a fason sa:

Kounye a mwen kwè, kounye a mwen kwè,
Tout bagay posib, kounye a mwen kwè;
Kounye a mwen kwè, kounye a mwen kwè,
Tout bagay posib, kounye a mwen kwè.

Ann rete kanpe kounye a, ak tèt nou bese.

Seyè, ke sa pa sèlman yon chante, men ke chante sa soti nan fon kè nou menm: “Kounye a mwen kwè!” Disip yo te di yon fwa, apre Jezi te fin fè sitèlman anpil zèv pwisan, yo di: “Seyè, kounye a nou kwè.”

Jezi di: “Èske nou kwè kounye a?”

² Yo di: “Nou kwè ke Ou konnen tout bagay e Ou pa bezwen pèsòn anseye W.” Kifè, Papa, aswè a nou reyalize ke Ou pa bezwen ansèyman nou, men nou bezwen pa W. Kifè nou priye ke Ou va anseye nou kijan pou priye, kijan pou viv, ak kijan pou kwè. Akòde li, Seyè, nan sèvis la aswè a. Si nou manke nenpòt bagay, ban nou li, Seyè. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

³ M konnen anpil nan nou kanpe ankò aswè a. E, deyò a, m rankontre gwoup ki di yo pat ka antre, epi y ap koute radyo yo nan diferan machin yo. E kounye a n ap eseye fè jis vit otan nou kapab aswè a, nan dimanch swa, nou konsakre nan lapriyè pou malad yo, fè yon liy pou lapriyè kòm nou ka gen youn isi a la. Men n ap konsakre sèvis aswè sa a pou lapriyè pou malad yo.

⁴ E mwen vle pou nou bati kounye a nan . . . Sen Orak Bondye sa yo, nan Lafwa, Lafwa pou lè sa a. Lafwa a! Sa pral pran plis lafwa ke l pat janm ye nan okenn laj, paske sa dwe lafwa pou lanlèyman, pou n anlve anwo a. E alò nou vle ou kwè aswè a nan tout sa ke w wè, tandè, Pawòl ke w tandè ki preche a, siy yo—yo ak pwodij yo ke w wè ki fèt yo. Nou vle w akimile tout sa ansanm nan kè w, epi konsidere l, ke sa sot nan Bondye oswa non.

⁵ Se tankou Eli nan tan pase a, te di: “Si Bondye se Bondye, alò sèvi L.” E si Jezi se sant tout bagay pou Kretyen an, alò mwen panse nou ta dwe kite tout lòt bagay tonbe epi atache a Li. Sonje, Li se Sant lan, Li se Etwal nan Nò a, Li se Siprèm lan, Li se Absoli a. E si Li se Etwal nan Nò a . . . Gen yon sèl bagay k ap pwente vè etwal nan nò a, se bousòl ou ke w ap navige avè l la. E Bousòl

ke m ap eseye fè w navige avè L la se Pawòl la, e Pawòl la toujou pwente vè Li.

6 E nou santi ke n ap pase nan yon gran tan detrès ak eprèy, yon tan nan enkyetid ak detrès nan mitan nasyon yo, ak tout kalite bagay k ap pase, e pafwa mwen anglouti tankou, tout kote m gade, se tankou sou yon . . . nan yon bato sou lanmè a. E yo te ban m chaj Bato a. E kijan nou pral fè rive abò? Epi men yon vag vini ak yon ekim blan, ki san fwa pi gwo ke bato m lan. Men nou va monte sou tèt yo, yo chak. “Nou plis ke venkè nan Li.” Kapitèn lan, Kapitèn an Chèf la, kenbe kòd la nan bout bato a, L ap rale fè l pase. Nou va monte sou tèt yo chak.

7 Kounye a, aswè a, kifè nou ka depeche n epi pèmèt ou pati bonè . . . Nou apresye vwayaj long nou fè yo nan machin, e latriye, e kouman nou dwe kondwi, ak sakrifis nou dwe fè. E, ou wè, sa fè m rive yon kote m ta jis renmen kanpe epi kontinye pale epi fè tout sa m kapab pou ede nou. Men lè m isi a m eseye pote tout sa m kapab, pou ede pandan moman sa ke n isi a kounye a. Epi nou pran . . . Si nou bay moun yo twòp alafwa yo pa ka sonje sa. Nou—nou dwe jis pran yon sèl bagay epi kenbe l dwat bay moun lan jouk yo wè sa. Epi lè sa fin byen solid nan kè yo, alò yo va . . . alò anseye yo yon lòt bagay. Jis etap pa etap alòske n ap avanse.

8 Kounye a, priye epi pran kouraj, e kwè kounye a aswè a pou gerizon. M pa panse gen okenn kesyon nan lespri nou apwopo tan n ap viv la. M pa kwè gen yon kesyon nan lespri nou apwopo si Bondye nan mitan pèp Li oswa non. Mwen kwè nou tout kwè sa. E mwen . . . Pa gen okenn dout nan lespri m sou sa. E mwen—mwen—mwen konnen moun pa m yo, zanmi m yo, zanmi Kris yo, pitit Kris yo, kwè sa.

9 E sa fè m yon grap plezi pou m rive wè lè ou konnen ke w gen yon Mesaj ki soti kote Bondye, epi ou bay moun li epi ou wè moun yo reponn a Sa. Alò ou gade dèyè epi ou di: “Mèsi, Papa.” O, ala yon jwa sa ye alò pou wè timoun yo ap manje Pen an ki te voye ba yo! Nou reyalize se te yon vizyon sa fè anpil lane, isi a menm nan tabènak sa? Se vre, “Pen Lavi a.” Frè Neville, ou sonje sa. Yon moman eskstraòdinè—ekstraòdinè!

10 Kounye a ann vire, si n vle swiv lekti a oswa make li, jis . . . M pa kwè li t ap apwopriye pou gen yon sèvis san lekti Pawòl Bondye a epi fè kèk kòmantè, si se pral yon sèvis gerizon oswa nenpòt kalite sèvis. Nou tout konprann. Pa gen etranje nan mitan nou, mwen sipoze. Men nou tout konprann kisa gerizon ye. Se pa anyen ke yon moun fè pou ou; se sa Bondye deja fè pou ou. Sali a se nan menm liy panse a. Sèl bagay, se, pou mennen moun yo kwè ke se Laverite. E Bondye anseye l nan Pawòl Li epi pwouve li pou sila yo ki va kwè Li, paske Li di: “Tout bagay posib pou sila yo ki kwè.”

11 Ou di: “Pa gen anyen k enposib ak Bondye.” Ou kwè sa? Pa gen anyen k enposib ak oumenm, nonpli. “Paske tout bagay posib

pou *silà yo*,” (Bondye se yon sèl Pèsòn) “pou sila yo ki kwè.” Ou wè? Kifè pa gen anyen k enposib avèk ou, pou ou, si w ka sèlman kwè.

¹² Kounye a nan 1 Wa, chapit 17 la, mwen vle li sèt premye vèsè yo, si Seyè a vle.

Yon pwofèt yo te rele Eli, moun lavil Tichbe nan zòn Galarad, di wa Akab konsa: Tankou SEYÈ Bondye vivan pèp Izrayèl, m kanpe devan l lan, Pandan lanne k ap vini yo, p ap gen lawouze ni p ap gen lapli si se pa mwen ki mande sa.

Aprè sa, SEYÈ a pale ak Eli, li di l konsa:

Kite kote ou ye a, ale nan direksyon solèy leve. Al kache toupre ti rivyè Kerit ki anfas larivyè Jouden.

W a jwenn dlo nan ti rivyè a pou ou bwè. Mwen bay kaw yo lòd pou yo pote manje ba ou la.

Remake, “pote manje ba ou la,” pa yon lòt kote. “La!”

Kifè l t ale epi l te fè sa SEYÈ a te di l fè a, oswa dapre sa pawòl SEYÈ a te di l: paske li t ale epi l te rete bò larivyè Cherith la, ki vin anvan Jouden an.

E kaw yo pote pen ak vyann pou li chak maten, e pen ak vyann chak aswè; e li te jwenn dlo pou l bwè nan ti rivyè a.

Epi kèk tan aprè sa, ti rivyè a vin chèch, paske lapli pat tonbe nan peyi a.

¹³ Ke Seyè a ajoute benediksyon L a lekti Pawòl Li. E kounye a, aswè a, mwen vle pran yon sijè apati de la, ki rele, “Manje espirityèl nan sezon pa L.” Maten an nou te gen yon—yon leson sou—sou “Rann Bondye yon sèvis, oswa eseye rann Li yon sèvis san ke se . . . san ke se pa tan an, sezon an, plas la, oswa moun lan.” E kounye a sa se: *Manje Espirityèl Nan Bon Sezon An.*

¹⁴ Pwofèt sa, Eli, nou konnen yon tikras bagay sou li. Men nou konnen ke li te sèvitè Bondye, e sèvitè Bondye pou lè sa.

¹⁵ E Bondye te itilize lespri li, ki te sou Eli a, deja twa fwa, e Li pwomèt pou fè l ankò de fwa; senk fwa, pou lagras. Li te itilize l sou Eli; li te vin sou Elize nan yon doub pòsyon; li te sou Jan Batis; e li sipoze vini jis pou fè antre Lepouz Moun lòt Nasyon yo; epi vini avèk Moyiz pou mennen Jwif yo lakay yo. Se egzak. Se senk fwa ke Bondye pwomèt pou itilize lespri Eli, e Li deja fè l twa fwa.

¹⁶ Bon, gran pwofèt sa, nou pa konn kote l soti. Nou konnen li te yon Tichbit. Men kijan l vini . . .

¹⁷ Nou pa konn anpil bagay sou pwofèt yo. Nou pa konn kote yo soti. Trè raman . . . Tankou, m pa konn okenn ki sòti nan legliz oswa ki te gen yon jeneyaloji dèyè yo. Se te jis dèzòm òdinè ki pat pè anyen, e, anpil fwa, pat enstwi. E yo pat janm ekri anyen,

yomenm. Ezayi ak Jeremi, de twa nan yo, te ekri kèk bagay, men gran gason sa Eli pat janm ekri yon sèl bagay. Anpil nan yo pat ekri; petèt yo pat ka ekri. Men yo te dèzòm ki te wobis. Pa gen okenn nonm nan Bib la tankou ansyen pwofèt sa yo. Yo te defye wayòm, wa, pèp, legliz, ak tout lòt bagay, e yo te kanpe fèm pou Pawòl Bondye a, e Bondye te pwouve yo te gen rezon. Yo te endividi ki trè wobis.

¹⁸ E Eli sa te youn nan tout sa yo ki pi wobis. Li te yon nonm ki te renmen dezè. Li te sòti nan dezè; li te viv nan dezè. Bib la di li te abiye ak pwal sou kò l. Li te vlope kò l ak po mouton, epi yon mòso kui, ki fèt ak po chamo ki vlope nan ren l, trè . . . bab kouvri figi l, e mwen imajine li te yon nonm ki te parèt trè wobis, e pou w gade.

¹⁹ Men nou pat . . . yo tout pat mouri. Yo tout—tout pat mouri, Nan epòk Konsil Nise a, anpil nan nou moun ki li *Konsil Nise Legliz Primitif La*, lè yo te vle fè yon òganizasyon avèk li epi kraze tout lòt legliz yo, epi pou yo vin fè youn, lè yo te gen Konsil Nise sa, gason wobis tankou Elize te vin sot la a nan dezè a, ap manje zèb sèlman; gwo gason wobis. Men diyitè yo, wo plase yo, anba Konstanten, e latriye, te toufe vwa yo. Paske sila yo, antan ke pwofèt, yo te konnen ke grenn ble Legliz Epouz la te dwe tonbe nan tè, menm jan ke grenn ble nan Lepou a te dwe tonbe nan tè. E li te rete la pandan mil an.

²⁰ Se poutèt sa yo ekri nan liv yo jodi a: “Kote Bondye silansye sa ki te ka kanpe la epi gade, pou wè timoun yo te touye, ak fanm yo ke lyon yo te devore an pyès, epi Li te chita nan syèl la epi san di anyen sou sa?” Yo pa konn Pawòl la. Grenn ble sa te dwe tonbe nan tè. Kouman yon Bondye ki jis te ka kanpe la epi gade Pwòp Pitit Li ap mouri epi y ap krache sou Li, e latriye? Men li selon Pawòl la, li dwe fèt. E se konsa li ye menm nan lè sa.

²¹ Nonm sa, se te yon gran òm. Li te gen yon generasyon pechè devan li. Akab te wa, papa l ki te vin anvan li te mechan. Menm depi Salomon, te jis genyen yon wa mechan youn apre lòt. E nonm sa, Akab, ki te reye pandan venndezan nan Samari, te pi mal pami yo tout. Li te yon vrè modèn. Li te kwè nan relijyon, sètènman. E li te fè tout bagay dapre yon tandans modèn. Li te gen katsan pwofèt Ebre l yo, yo tout byen enstwi epi byen fòme. Bondye te voye youn pou li e li pat vle kwè l, e se te Eli.

²² Men Eli, Tichbit sa, te yon nonm dezè. Se pat yon nonm fen; li te yon nonm wobis. Epi yon jou, apre Akab te peche jouk Bondye pat ka sipòte l ankò, Li te pale ak Eli nan dezè a. E men li k ap vini sou wout Samari a, kòm mwen ilistre sa souvan; petèt ak bab blan yo ki kouvri figi l, ak tèt chòv li k ap briye nan solèy la, ak vye ti je plise l yo, dèyè a la ak yon baton nan men l, yon souri nan figi l, li te mache drèt al devan wa Izrayèl la, epi li di: “La . . . Pa menm lawoze ap tonbe jouk mwen rele l.”

23 Ke Bondye ba nou gason konsa, ou wè, gason ki konnen kisa y ap fè ak MEN SA SEYÈ A DI.

24 Kounye a, nou wè ke anvan li te fè sa, ke Bondye te rele l. Bondye te pale avè l e, se poutèt sa, li pat pè anyen. Li pat pè mesaj li a, pou l pat rive; li te konnen li t ap rive! Li te konnen se te dapre Pawòl Seyè a, e li te konnen li te pwofèt Bondye pou lè a. Se poutèt sa ke wa a ta koupe tèt li, jete l nan prizon, kèlkeswa sa yo ta fè, sa pat fè okenn diferans pou li; li te gen yon komisyon: “MEN SA SEYÈ A DI,” drèt nan figi wa a. Ala yon moun wobis! Men anvan li te fè sa, li te predi gran sechrès sa . . .

25 Paske Bondye p ap kite peche rete enpini. Dwe gen pinisyon. Akwa bon yon lwa si l pa gen yon—yon pinisyon? Kisa sa ta itil, pou di, “se kont lalwa pou pase sou limyè a,” epi pa gen okenn amand deyè l, oswa okenn pinisyon deyè l? Sa pa t ap yon lwa. Kifè gen yon pinisyon pou peche. E lè Bondye fè yon lwa, epi yo defye lwa—lwa sa, alò dwe gen pinisyon pou sa.

26 E nasyon sa te vyole tout lwa L yo. O, yo te gen gwo legliz, yo te gen tanp lan. Yo te gen yon bann moun enstwi. Yo te gen pwofèt toupatou nan peyi a, yo te gen lekòl pou yo, pou fè yo tounen tankou yon machin. E yo te chaje ak pwofèt, yo te chaje ak—ak sakrifikatè, yo te chaje ak eskrib, e yo te chaje ak relijyon, men yo te lwen Pawòl Bondye a. Kifè Bondye te rele yon nonm ki pa fè pati nan okenn nan ran yo ditou, epi Li voye l avèk MEN SA SEYÈ A DI.

27 E remake kouman Li pran swen Pa Li yo. Anvan L te voye pwofèt sa ak mesaj la, Li di: “Eli, desann epi di Wa Akab bagay sa yo. E kounye a, lè w fè l, elwaye w de li byen vit, paske Mwen prepare yon plas pou ou pou w ale pandan sechrès la. Mwen pral pran swen w, Eli, si ou jis preche Pawòl Mwen, fè jis sa Mwen di w pou fè.”

28 Bon m pral fè yon tip avèk gran ministè sa, aswè a, sou Eli epi tan Eli a, avèk lè kote nou ye a kounye a. Mwen kwè se yon tip pafè. M panse a nasyon yo . . . si m . . . nou te gen tan pou retounen, men m vle mete on pakèt tan nan liy priyè a.

29 Kifè si nou te ka retounen pou wè, Izrayèl te pran Palestin sou menm baz ke nou te pran Etazini sa. Nou te antre Etazini sa epi nou te mete okipan yo deyò, ki te Endyen yo, e nou te posede peyi a. E se menm jan an Izrayèl te antre nan Palestin, anba kondwit Jozye, anba Bondye, epi yo te mete okipan yo deyò epi yo te pran peyi a.

30 E premye wa yo te gason vanyan: David, Salomon, epi gwo gason. Premye prezidan nou yo se te gwo gason: Washington, Lincoln, e latriye. Epi finalman prezidan yo oswa wa yo vin pi pouri tout tan, e finalman yo te vin fini pa twouve yo avèk Akab sa. Vrè tip, egzanp tipik pou jou pa nou an. E moun yo te vin sitelman modèn yo pat vle tande vrè Pawòl Seyè a.

31 E ou ka imajine w, ak yon pèp modèn konsa, kisa yon vrè sèvitè Bondye ta ka sanble pou yo. “Ebyen, li te fou, li te pèdi tèt li. Pat ka gen yon bagay konsa.” Yo te relijye, trè relijye. Yo te gen dèzòm sensè, yo te gen moun sensè. Yo te trè relijye.

32 Kifè li te konnen ke sa t ap pran plis ke jis yon teyoloji òdinè, sa t ap pran plis ke—ke nenpòt mesaj òdinè, sa t ap pran plis ke jis preche Pawòl la, pou fann kè wòch yo a. Li te konnen sa te pran MEN SA SEYÈ A DI pou voye jijman sa desann sou pèp sa. Kifè li te konnen ke lè li t ale laba avèk MEN SA SEYÈ A DI (E se te MEN SA SEYÈ A DI.), pou meprize Sa, se te jijman. Nou wè sa nan jou pa nou an, tou. Nou wè sa nan nenpòt jou. Pa gen okenn bagay ki rete ke jijman lè w travèse liy mizerikòd la.

33 Kounye a, tip sa la, ke, m pral tipifye Eli ak legliz la jodi a, legliz jodi a. Jis anvan jijman, li te resevwa mesaj sa. Eli, li te reprezante, antan yo te pran swen l sou plan natirèl, manje natirèl li, paske lapli pa ta pral tonbe kounye a, dapre Pawòl Bondye a, pandan twazan ak sis mwa, oswa jiskaske Eli te rele l vini. “Kèlkeswa lè ou di a, Eli, se sa li va ye.” Se poutèt sa li te mache al devan wa a, epi li di: “P ap menm gen lawoze ki tonbe jiskaske mwen rele l vini.” Sa se tout yon—yon chaj, se pa vre? Sa se tout yon mesaj!

34 E kounye a nou pral tipifye sa ak sechrès espiritiyèl jodi a. Bon, nou tout konnen, nou trè okouran, ke gen yon gran sechrès espiritiyèl nan peyi a jodi a, sou plan espiritiyèl. E, nou konnen, pwofèt yo te predi sa, jis anvan Dezyèm Vini Kris la ta fèt? Yo di: “Pral gen yon famin nan peyi a, e se p ap pou pen sèlman, men pou tande Pawòl Bondye a.” E jou sa se kounye a, “tande vrè Pawòl Bondye a.” Bon, sa se yon tip sechrès natirèl la ak espiritiyèl la.

35 Peche ak enkredilite, akòz fo doktè yo ak modèn is yo nan legliz la, te pote sou plas sa jijman ki ta pral vini an, jijman ki t ap apwoche a. Alò yo te retire je yo sou Pawòl Bondye a ak pwofèt Li a, pou yo mete l sou yon bann ekspresyon teyolojik modèn Pawòl la.

36 Si w remake isi a, se jis nan tan sa ke Bondye toujou fè yon bagay leve. Paske, Li, toujou, Li pa fè anyen anvan Li revele l bay moun yo, e Li toujou revele li pa sèvitè L yo.

37 Bon, men Eli, diran tan sa, te gen yon plas sekre ke Bondye te òdone l pou l ale. Sa se bagay nou vle wè kounye a jis anvan nou gen liy pou lapriyè a. Eli te gen yon plas sekre Bondye te ba li Limenm. Bon, se pa legliz ki te janm ba li l, se pa wa ki te janm ba li l, se pa li ki te ba li l limenm, men Bondye te bay Eli yon plas sekre pou l te nourri tout tan diran sechrès la, kote yo te ba li manje jou apre jou. Li pat gen pou l mande l kisa k pral pase demen oswa mande l si rezèv la fini. Bondye te di: “Mwen pase kòbo yo lòd e yo va ba w manje.” Ala yon bagay mèveye, yon tip plas sekre nou an nan Kris.

38 Lè konsèy mondyal la ak tout sa k ap pase jodi a, ki di: “Jou mirak yo pase.” Gran pwisans Bondye yo te retire nan legliz yo. Sanble tankou yomenm, nonpli, yo pa gen anyen ke “yon eren k ap fè bwi ak yon senbal k ap retanti.” Nou konn sa se laverite. “Epi aparans lapyete, ak renye Pwisans lan.”

39 Se jis menm bagay la ke David te fè, maten an, ak kabwèt bèf yo, li te elwaye de Pawòl la. Lè yo te prezante epi yo te ba yo Pawòl la, yo pat vle L; se poutèt sa, yo te elwaye de Li.

40 Se sa moun sa yo te fè nan jou Eli yo, yo te elwaye de Pawòl la. Yo te panse yo te gen Pawòl la, men yo pat genyen L.

41 Kifè remake, alò, nan . . . nan tan ke Li ta pral pini enkwayan an, Li te fè yon chimen pou kwayan an. Se menm bagay la Li fè chak fwa. Nan èpòk lè Li ta pral detwi monn lan avèk dlo, Li te prepare yon mwayen pou Noe sove. Nan èpòk ke Li ta pral nwaye Ejipt, Li te prepare yon mwayen pou sove pèp Li nan travèse lanmè a. Gad jan Bondye prepare mwayen Li! E kote k pa gen mwayen, se Li ki Mwayen an. Se Li ki Mwayen an!

42 Bon nou reyalize ke n ap fè fas a kèk nan . . . youn nan lè ki pi gran ke listwa te janm konnen. Se pa egzaktman ojiv avèk yon misil ki byen klere a, ak yon tèt sou li, ke nou dwe pè. Se legliz yo nou dwe pè. Se lè n ap viv ladann lan ke nou dwe siveye.

43 Kounye a remake, men Bondye te prepare yon mwayen pou Eli echape l. E Li prepare yon mwayen pou pitit Li yo echape sa kounye a, kolè a ak bagay ki gen pou vini yo.

44 Paske, Bondye pa t ap kapab jis pou jije moun sa yo epi voye pinisyon sou yo, epi neye Sodòm ak Gomò, epi neye Kapènaoum nan mitan lanmè, epi kondane jenerasyon sa yo, ak Sodòm ak Gomò, epi kite nou fè menm bagay la epi pase sou sa. Jijman an jis osi sèten pou nou ke jijman an te sèten pou yo. Kounye a nou remake ke . . .

45 Lè bagay sa yo vini, tandans modèn èpòk sa, Bondye te leve yon nonm nan jou sa, oswa te leve yon nonm soti vivan, pito, pou konbat fòs yo, epi yo pat vle koute l. Yo te panse li te fou, “Li te pèdi tèt li, li te jis kèk vye fanatik, moun fou ki soti nan dezè a, touf bwa yo on jan rann li fou.” Men, poutan, li te gen Pawòl Seyè a.

46 “Pawòl la pa vle di sa L di,” se sa yo di jodi a. “O, ebyen, Bib la se yon liv istwa.” M sipoze nou wè sa, ke kounye a yo deklare, ke, “Èv pat manje pòm lan, li te manje yon . . .” Kisa l te ye? Mwen kwè. . . “Se te yon zabriko,” yo di kounye a. “Se te yon zabriko.” Epi, ke, “Moyiz pat janm fè timoun yo travèse Lanmè Wouj la. Se te yon gwo pakèt wozo, ki rive laba jouk nan lòt bò lanmè sa, e li te travèse yon lanmè wozo.” Alò kouman dlo a, d-l-o, te fè fòme yon miray sou toude bò yo, yo te pase nan yon tè sèk, lè sa? O, sa sitèlman pa fè sans! Men, ou wè, sa pran jan de jou sa pou fè kolè Bondye desann sou moun yo. Li fè l.

47 Yo di pa gen jan de bagay tankou—tankou sa yo. . . Menm moun legliz yo pa kwè nan mirak yo. “M ap ba w mil dola,” yo di, “montre m yon mirak. Montre m yon mirak!” Ebyen, yo pat kapab wè si te gen di mil bagay ki te fèt devan yo. Donk, yo, pa tap janm wè l.

Ou di: “Sa se enposib.” O, non, se pa sa.

48 Yon fwa Eli te desann nan Dotan, epi lame Siryen an te vini e li te sènen vil la, pou pran l, paske yo te konnen ke se kote sa pwisans nasyon an—an te rete, se te nan vwayan sa. Ebyen, wa a. . . Youn nan mesye yo te di wa Siri a, li di: “Ebyen, ou konnen, Eli pwofèt la, Tichbit la, rakonte wa Izrayèl la sa w pale an sekre nan chanm ou.”

49 Li di: “Al chache nèg sa! Se kanmarad sa k ap jennen nou an.” E tout lame Siryen an te glise antre nan alantou Dotan. Yo te sènen l,

50 Epi Geyazi, sèvitè pwofèt la, te reveye, epi li di: “O, papa m, lame yo sènen nou toupatou isi a. Yo sènen nou konplètman.”

51 Li di: “Ebyen, genyen pi plis avèk nou ke genyen avèk yo.” Ou wè?

Epi Geazi te gade toutotou, li di: “M pa wè pèsòn.”

52 Li di: “Seyè Bondye, ouvri je gason sa.” Epi je l yo te louvri, e tout kolin yo te ranpli ak Zanj ak cha ki te plase toupatou, Fòs envizib yo.

53 Eli te avanse drèt la, e Bib la di: “Li te rann yo avèg.” Li te mache al jwenn yo; yo te avèg pou li. Li te mache sòti epi li di: “Èske se Eli n ap chache?”

Li di: “Wi, se li n ap chache.”

54 Li di: “Vini non, m ap di nou drèt ki kote l ye,” e li te mennen yo drèt nan yon anbiskad, toudrèt kote lame yo te mache drèt epi te pran yo.

55 Bon, Bib la di: “Li te rann yo avèg.” Se regle. E moun yo sitèlman avèg espiryèlman jodi a, malgre Seyè Bondye a desann nan mitan moun yo epi fè nenpòt bagay, e bagay Li te pwomèt yo, yo toujou pa ka wè L. Yo avèg espiryèlman; yo pa konnen Bondye, yo pa konnen gran Pwisans Li a. Bon, nou remake ke yo te fè sa nan tan Eli a, e yo toujou ap fè l jodi a. Bondye rann yo avèg. Yo di jodi a, ke “Pa gen mirak, pa gen yon bagay konsa, tout sa se emosyon.”

56 E yo te di menm bagay la sou Eli, paske lè li te anlve epi Elize te ranplase l, yon jennonm, li te chòv, jèn, timoun yo te kouri dèyè l, epi yo te di: “Vye chòv, poukisa w pat monte avèk Eli?” Ou wè, yo pat menm kwè Sa depi nan konmansman, pèp la, apre tèlman anpil bagay te fin fèt. E gran òm Bondye sa te anlve nan Syèl nan yon charyo dife, e moun yo toujou pat kwè L. E yo te fè timoun yo ap kouri dèyè nonm sa epi yo di: “Vye chòv, poukisa ou pat

monte?” Ou wè? E lè sa pwofèt la te modi timoun yo, e yon femèl lous te touye karannde nan yo.

⁵⁷ Kounye a remake. Jodi a, kòm sa te ye nan epòk sa, yo mete pwòp entèpretasyon yo nan Pawòl la. Bon, si yo vle fè sa, se pwoblèm pa yo, men yo eseye fè nou kwè l. Bib la di ke “Pawòl Bondye sa pa dwe objè okenn entèpretasyon patikilye.” Bondye fè Pwòp entèpretasyon pa L. Bondye konfime Pawòl Li, e sa se entèpretasyon an Sa. Kòm mwen te di plizyè fwa, Li te di nan konmansman: “Se pou gen limyè,” e te gen limyè. Sa pa bezwen entèprete; li te rive. Li te di: “Yon vyèj ta vin asant,” li te fè l. Li te di Li tap “vide Lespri Li,” Li te fè l. Epi Li te di “nan dènye jou yo,” bagay yo ke Li tap fè, e L ap fè li! Li pa bezwen okenn entèpretasyon; Bondye ap fè Pwòp entèpretasyon L. Pa gen pwoblèm sa moun fou di, sa pa rete Bondye yon ti kras.

⁵⁸ Lè Jezi te sou latè, Li te gen pou fè fas ak otan enkredilite ke nou genyen jodi a, e petèt plis. Men sa pat rete L; Li te jis kontinye akonpli epi fè devwa Li, e Bondye konfime tout sa L te fè. Li te di: “M pa pou kont Mwen. Papa M avè M nou se youn; Li abite nan Mwen. Se pa Mwen k ap fè zèv yo, se Papa a ki abite nan Mwen. E si M pa fè zèv Li yo, alò piga nou kwè M; men si M fè zèv yo e poutan nou pa ka kwè M, kwè zèv yo.” Ou wè? Nan lòt mo, yo . . . “Fouye Lèzekriti,” Li di, “paske se ladan yo nou panse nou jwenn Lavi Eternèl, se lè nou konnen Lèzekriti. E Lèzekriti, Limenm, temwaye de Mwen.” Amèn! Ala yon deklarasyon! “Se yomenm, Lèzekriti, ki di nou Kilès Mwen ye,” Jezi di.

⁵⁹ E se Lèzekriti ki di nou nan kilè n ap viv. E bagay nou wè ki fèt yo, se Bondye Limenm nan mitan pèp Li. Anyen pa ka resisite mò ke Bondye. Anyen pa ka fè bagay ke L ap fè kounye a ke Li. Paske Bib la di: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou toutan.”

⁶⁰ Bon nou wè tandans modèn sa de moun yo, alò, “O, jou sa yo pase, pa gen yon bagay konsa tankou mirak. Moun yo tout kondwi pa emosyon yo.”

⁶¹ Koute Eli sa, pwofèt la, k ap kriye kont yo ak teyolojiyen yo. Remake, remake, li te pale tankou si li te Bondye Limenm. Eli te pale tankou si li te Bondye Limenm: “Lawouze p ap tonbe sot nan Syèl jouk mwen rele l vini.” Amèn! Wi, mesye.

⁶² Pwofèt la te sitèlman lontan nan Prezans Bondye, pwofèt yo nan Ansyen Testaman an, oswa nenpòt kilè, lè yo viv nan Prezans Bondye jiskaske yo vin Pawòl la, Mesaj yo se Pawòl la Limenm. Epi, sonje, li di: “MEN SA SEYÈ A DI.” E lè mesye sa yo te resevwa mesaj sa yo nan men Bondye, epi yo vin sitèlman anvlope ke pwòp panse yo . . . Sa te ka kont panse yo, yo te ka pat kapab wè l klè. Men yo t ap pwononse Pawòl Bondye: “MEN SA SEYÈ A DI.”

⁶³ “P ap gen okenn lapli jiskaske m rele l vini.” O, ala yon deklarasyon! Li te nan Prezans Bondye e li te konfime si pafètman. E, sonje, sa swiv tou Amòs 3:7, “Seyè Bondye a p ap fè

anyen san L pa revele l an premye a sèvitè L yo pwofèt yo.” Li te di: “P ap gen okenn lapli k ap tonbe!” Li an premye . . .

64 Yo te ri l, yo te panse li te fou, “Fanatik sa!” Men, ou wè, li te gen MEN SA SEYÈ A DI ke lapli pa ta pral tonbe. E, Bondye, anvan li te fè sa, Li te revele l bay Eli sèvitè Li. E li te yon pwofèt konfime, pwouve, kifè moun yo ta dwe repanti. Men, olye de sa, yo te ri l, yo te di: “O, nou gen anpil lapli! Rezèvwà yo ranpli. Rivyè yo ap koule byen.”

65 Bib la di “ke pat menm gen lawouze pandan twazan ak sis mwa.” Tout ravin yo ak dlo yo te cheche, toupatou. Se pat nonm sa, se te Bondye ki t ap pale nan nonm sa. Se te “Mwen” an li te ye. Nou toujou konnen. Kifè li . . .

66 Nou wè ke lè yon nonm vini, se Bondye ki voye l, se Bondye ki òdone l, avèk vrè MEN SA SEYÈ A DI, mesaj la ak mesaje a fè youn e yo se menm bagay la. Paske yo voye l pou l reprezante MEN SA SEYÈ A DI, Mo pou Mo, kifè limenm ak mesaj li a se menm bagay la.

67 Yon nonm ki sot nan denominasyon sou ejid denominasyon, limenm ak legliz la se “youn.” Yon teyolojiyen ki anba teyoloji, ke kèk denominasyon fabrike, limenm ak mesaj li a se youn; legliz teyoloji, yon teyolojiyen. Se sa egzaktman.

68 Alò lè yon nonm vini ak MEN SA SEYÈ A DI, limenm ak Mesaj li a se youn. E lè Eli vini ak MEN SA SEYÈ A DI, limenm ak mesaj li a te vin youn. Jis menm jan ak Jezi, lè Li vini, Li te Pawòl la, Sen Jan 1. Kifè Pawòl Bondye a ak mesaje aj la se te menm bagay la, tout tan. Se vre.

69 Jezi te Pawòl la ki te pwofetize a. Li te sa pwofèt yo te di ki tap rive a: “Yon vyèj va vin ansent epi pote Pitit sa.” Depi nan konmansman an, Bondye te di yo, Li te di: “Semans fanm lan va kraze tèt sèpan an, e li va kraze talon pye l.” Tout pwofesi sa yo te bay. David ki t ap kriye, tout rèss pwofèt yo atravè aj yo, t ap pale de Li. Li te Pawòl sa manifeste! Alélouya!

70 Kounye a èske nou wè ki kote m ap eseye vini? M te pale avèk nou ase klè maten an. Èske nou pa wè otorite Bondye vivan an nan Legliz vivan an, Lepouz? Malad yo geri, mò yo resisite, enfim yo mache, avèg yo wè, Levanjil la pwoklame nan pwisans Li, paske Mesaj la ak mesaje a se menm bagay la. Pawòl la nan Legliz la, nan moun lan.

71 Pawòl Bondye a te nan Eli lè li te mache la avèk MEN SA SEYÈ A DI, epi li di: “Lapli pa pral tonbe.” Se pat Eli; se te Bondye nan Eli.

72 Mwen di anpil fwa, tankou dam Lasyans Kreytèyèl lan ki te di m yon fwa. M pale anpil fwa sou sa. Li di: “Mesye Branham, ou vante Jezi twòp.”

Mwen di: “Mwen espere ke se sèl bagay m gen pou m rann kont.”

Epi li di: “W ap eseye fè L Diven.”

Mwen di: “Li te Diven.”

⁷³ Li di: “O, Li te yon pwofèt, Li te yon bon moun, men Li pat Diven.”

⁷⁴ Epi mwen di: “Ebyen, montre m yon sèl Ekriti ki di Li pat Diven.”

⁷⁵ Li di: “Nan Liv Sen Jan an, li di ke Li ‘te kriye’ lè L te ale nan tonm Laza a.”

⁷⁶ “Ebyen”, mwen di, “se sèten, Li te kriye. Li te alafwa imen epi Diven. Li te yon nonm, ki t ap kriye; men Li te dwe Bondye pou resisite mò yo.” Dakò. Mwen di: “Li te yon nonm, ki te grangou; men Li te Bondye ki te nourri senk mil, ak kèk biskwit epi senk pwason.” Se sa. “Li te yon nonm, ki t ap dòmi dèyè yon bato; men se te Bondye nan Li ki te ka kalme dlo yo.” Poukisa? Limenm ak Mesaj Li a te youn.

⁷⁷ Li di: “Mwen ak Papa M se youn. Papa M abite nan Mwen.” Tout plenitid Divinite a te abite nan kò Li.

⁷⁸ Mwen panse se te sitèlman frapan lòt jou a, lè m t ap prezante *Sèt Aj Legliz Yo*. Pou konmanse, mwen—mwen pat kapab konprann Jezi ki te kanpe la ak sa yo. . . ak blan sa sou Li konsa, sa te di: “Cheve L te blan tankou lenn.” M pat ka konprann kijan yon nonm trantwazan ta blan tankou nèj.

⁷⁹ Mwen te telefone yon bon teyolojiyen, teyolojiyen Pannkotis, yon bon zanmi presye. Ebyen, se te Frè Jack Moore. Li se yon nonm briyan epi entelijan. Li di: “Frè Branham, se te Jezi glorifye. Se sa L te sanble apre L te fin glorifye.” Non, m pat ka kwè sa. Non.

Mwen—mwen—mwen di: “Ebyen, Frè Moore, mèsi.”

⁸⁰ M te antre nan chanm lan la epi m te pran pale ak Bondye. M te kouri nan konkòdans mwen pou m te jwenn Li nan Danyèl, kote ki di: “Epi li te avanse bò kote Ansyen nan Jou yo Ki gen cheve L blan tankou lenn.” Mwen di: “Seyè, mwen—mwen—mwen pa konn sa pou m di, e mwen gen responsabilite a.” Bon, sa se te anvan sè- . . . epi sonje, anvan Sèt So yo te louvri, apeprè yon lane oswa plis, anvan. M t ap priye la: “Seyè, kisa sa te ye?”

⁸¹ E m te gade, kanpe devan m, e men yon nonm te kanpe la e li te yon jij, epi li te pote yon perik blan. Ansyen jij yo nan tan ansyen yo te abitye pote yon perik blan pou montre ke li te yon otorite siprèm.

⁸² E alò lè m te wè Jezi ak perik blan an, mwen te di sa sèlman konfime laverite ke nou konnen, ke Li se Otorite Siprèm lan. Bondye te temwaye menm bagay la sou Montay Transfigirasyon, Li te di: “Sila se Pitit Gason byenneme M lan, tandè Li, Otorite Siprèm lan!”

⁸³ Epi retounen laba nan konmansman Sèt So yo, lè sèt Anj sa yo desann nan fòm piramid sa, yo te kanpe la e yo te di m pou m retounen isi a epi pale sou Sèt So sa yo, epi Li tap avè m, Li tap montre m kisa yo te ye, bagay ki pèdi yo. M te toujou panse li te sele sou do Liv la e se ta yon bagay ki pat ekri nan Liv la, men verite a se te ke sa te revele ke Li pa ka fè sa. Se pa yon bagay ki ekri nan Liv la. . . Se yon bagay ki te kache nan Liv la. “Paske nenpòt moun ki va retire yon sèl Mo Ladann oswa ajoute yon sèl mo Ladann. . .” Kifè se te yon mistè ki te nan Liv la nan sèt aj legliz sa yo. Yo chak te pwodwi yon—yon mistè, tout bagay konsènan batèm dlo ak lòt bagay sa yo ki fè yo te tatone sitèlman lontan.

⁸⁴ Alò lè sa te monte, gran obsèvatwa yo jouk laba nan Kalifòni, desann jouk nan Meksik, sou Tucson, toupatou, ap pran foto L. Se te yon espektak misterye. Frè Fred Sothman la, ki chita drèt dèyè a la, epi mwenmenm ak Frè Gene Norman, ki kanpe drèt la prezan lè Li te monte. Yo te pran foto a, men yo toujou pa konnen kisa sa ye. Isi a sa fè kèk tan, tout moun t ap di: “Gade isi a. Sa sanble tankou sa, e zèl Zanjan sa yo, jan yo te pliyè la.”

⁸⁵ Yon jou, nan vire l sou bò dwat la, m te gade, men Jezikri te la jis osi pafè ke Hofman te janm desine L. Li te kanpe la ak yon perik blan sou tèt Li, Li t ap gade anba nan direksyon latè, ap montre ke Li se Otorite Siprèm. Syèl yo deklare sa, Bib la deklare sa, Mesaj la deklare sa, tout menm jan. Otorite Siprèm, avèk yon perik blan sou Li; nou wè bab nwa Li a anba. Anpil nan nou te wè foto a. Nou genyen l laba dèyè a. Jis vire l a dwat, sou kote, gade l. Men Li, jis osi pafè ke sa te ye, si yo te fotografye L. Yo pa gade l nan ang pou yo gade l la. Ou dwe gade l nan bon ang lan. E se sèlman Seyè Bondye a ki ka revele kisa ki bon ang lan. Vire l sou bò dwat la epi gade l. Men Li la, jis osi pafè ke si yo te fotografye l laba.

⁸⁶ Premye fwa m te janm wè L, Li te sanble ak *Tèt*. . . Hofmann lan. M pat janm wè sa anvan. E nan tabènak Billy Sunday a, kèk lane apre, M te wè l. Kay mwen pat janm pa gen youn nan foto yo depi lè a.

⁸⁷ Epi, isi a nan syèl la, ann di ke Bondye a menm ke m te wè nan vizyon sa isi a, m te jis yon ti gason bò isi a kote lekòl sa kanpe a, Li te sanble ak sa. E isi a nan Syèl yo, tranntwa lane apre, yo deklare li, ke se laverite. Se konsa Li sanble; pa kèk bagay mistik ki vini de lide pa yon moun.

⁸⁸ Tankou nan Vatican, yo genyen yon—yon—yon Kris yo desine laba, avèk yon ti sèk bab blan oswa yon sèk bab alantou manton Li, anviwon yon demi pous nan longè, ki kouri drèt alantou tèt bouch Li epi tankou sa, epi yo rele sa Kris la.

⁸⁹ Sa jis mete nan panse m yon atis Grèk m te wè yon fwa nan yon ansyen katedral, ki montre sa Adan ak Èv te sanble; yo te sanble ak bèt oswa yon bagay. Sa se sa panse chanèl la ka wè

nan yon bagay espiirtyèl. Mwen panse ke Adan te nonm ki pi bo ki te janm egziste, epi Èv te yon fanm pafè nan tout jan.

⁹⁰ Kounye a panse chanèl la sezi Bagay la selon pwòp lide yo, alò Bondye desann epi devwale Bagay la ak Pwisans Li. Se sa egzaktaman ki te pase isi a nan epòk Akab la.

⁹¹ Kounye a, nou wè ke Eli te kapab di sa paske Mesaj pou lè a ak Pawòl Bondye a, oswa, mesaje a, Mesaj la—Mesaj la, ak Pawòl la, se te egzaktaman menm bagay la. Pwofèt la, Pawòl la, Mesaj la; mesaje, Mesaj, ak Mesaj, se te menm lan. Jezi di: “Si m pa fè zèw ki ekri konsènan Mwen an, alò piga nou kwè M.” Se byen. Nenpòt moun ak mesaj li fè youn.

⁹² Se poutèt sa jodi a ke yo pa kwè nan fè zèw Bondye, paske yo pa aksepte Mesaj Bondye a. Yo pa kwè Mesaj la.

⁹³ Men sa yo ki kwè nan lè Bondye ke n ap viv ladann lan, bagay sa yo se Manje kache. Jis panse, Bondye sitèlman te kache L ke yo gade L drèt epi yo pa wè L. Menm jan ke Eli te avegle lame Siryen an. Menm jan ke Bondye avegle enkwayan an devan Manje otantik timoun lan, kwayan an.

⁹⁴ Se pou sa yo te rele Noe “yon fanatik,” k ap bati yon lach, je l te louvri devan Pawòl Bondye a ak pwomès la. Bagay menm ke yo te rele fanatis la, te sove Noe ak fanmi li. Ou wè, menm bagay la menm. Bagay ke moun yo pase nan rizib la, se bagay ke n priye pou li a. Bagay ke moun yo rele “fou,” nou rele l “Gran!” Sa lemonn rele “gran,” Bondye rele l “foli.” E sa lemonn rele “foli,” Bondye rele l “Gran!” Se jis egzaktaman kontras ki genyen ant sa ki Byen ak sa ki mal. Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou toutan.

⁹⁵ Sonje, li te antre nan plas sekrè li a dapre plan Bondye, dapre apèl Bondye, ak Pawòl Bondye. Eli te antre nan plas sekrè li a dapre plan prekonèsans Bondye, ak apèl nan vi pa l, epi dapre Pawòl la. Si se pa konsa nou te antre, m pa konnen kijan nou fè la.

⁹⁶ E remake, anvan sechrès la konmanse, Eli te antre nan plas sekrè sa pou vi li. Yon vrè tip de anvan jijman an konmanse frape latè, yo deja rele Legliz la, yo deja chwazi Lepouz la, e li jis ap tann anvan jijman an frape. Li deja ap tann, ap manje Manje Bondye a, ap jwi benediksyon Bondye yo. Nenpòt moun ki nan panse nòminal li konnen ke n ap dirije nou tou dwat, nou egzaktaman nan lè jijman an.

⁹⁷ Gade! Frè Banks, anpil nan nou mesye ki isi a aswè a, ki te kanpe laba sou montay sa jou maten sa.

⁹⁸ E mwen vle pale de montay sa, dimanch maten pwochen, si Seyè a vle. M jwenn yon gwo revelasyon, yon bagay an plis ke m apèn kapab kenbe pou m pa di l aswè a. Men m gen . . . Ou wè? E sa ap jis kontinye san rete, tout tan, yon bagay ap rive

apre lòt. Ou wè? Sa p ap janm sispann rive, paske se te MEN SA SEYÈ A DI.

⁹⁹ Nou chak isi a, dè milye fwa dè milye sou kasèt la, te tande m kanpe epi di: “MEN SA SEYÈ A DI, se pral *konsa* epi *konsa*.” E menm jounal yo ak magazin yo dwe deklare ke se konsa. Yo pa konnen kisa tout sa ye, men yo te wè l. Yo pa konnen kisa l ye, men yo te wè l, ap fè Pawòl la egzaktman laverite.

¹⁰⁰ Nou te kanpe laba bò rivyè a, Anj Seyè sa te desann jou sa, sa fè trant twa lane, oswa, se te an 1933, li te desann epi li te pwononse bagay Li te fè yo. M te mache sòti, epi anpil mesye yo ki te kanpe la bò rivyè a, te di: “Kisa sa te vle di, Billy?”

¹⁰¹ Mwen di: “Sa pat pou mwen; se te pou nou. Mwen kwè; nou pa kwè.” Epi m te jis kontinye mache.

¹⁰² Epi pastè a te di m, li di: “Ou vle di ke oumenm, ak yon enstriksyon primè, ou prale toupatou nan lemonn epi priye pou monak yo ak potanta ak wa ak bagay sa yo? E, o,” li di, “bliye Sa!”

¹⁰³ M pat ka bliye Sa, Li te grave sou kè mwen. Bon men li, trantwa lane pita, tout bagay Li te di te pase pafètman jan Li te di Li t ap fè l la. Li se Bondye e Li pa ka fayi. Li toujou kenbe Pawòl Li. Li . . . Pa janm doute Sa.

¹⁰⁴ Kounye a, remake, li te antre dapre plan Bondye (prekonesans), apèl Bondye, epi Pawòl Bondye, epi li te antre anvan sechrès la konmanse.

Kounye a, nou konnen ke jijman an prè pou l frape.

¹⁰⁵ Nou te kanpe sou kolin lan jou sa, Frè Banks Wood ki kanpe isi a, nou t ap monte sou kolin lan. Petèt m ap rakonte l ankò, pou sa ka bati fwa nou pou liy lapriye sa k ap vini an nan dis, kenz pwochen minit yo. M te jis ap mache devan Frè Banks. Li te . . . Mwen panse li te kite Sè Ruby lè l te malad la. E li t ap vin dèyè m, m te remake figi l, wouj. M te gade dèyè. M te panse ke kolin lan te ka yon ti jan difisil pou li rale, kifè m te yon jan ralanti. Drèt nan dezè sa yo, drèt anwo kolin tankou sa, drèt kote Anj Seyè a te parèt. Nou t ap mache dwat nan direksyon sa lè sa, kote Yo te parèt kèk mwa anvan sa.

¹⁰⁶ Epi pandan m t ap monte kolin lan, Lespri Bondye a . . . Lè m te vire, gade sou tèt mòn lan, Li di: “Ranmase wòch sa, epi di l: ‘MEN SA SEYÈ A DI, ou pral wè Laglwa Bondye nan kèk èdtan k ap vini yo.’”

¹⁰⁷ Mwen te jis ranmase wòch la, epi mwen di: “Frè Banks, m pa konn poukisa,” m te voye l anlè, epi m te di: “MEN SA SEYÈ A DI, ou pral wè Laglwa Bondye.”

Li di: “Se te pou Ruby?”

¹⁰⁸ Mwen di: “Non, m pa panse sa te gen anyen pou wè avè w, Banks oswa Ruby, ni youn ni lòt. M jis panse Sa te jis di ‘MEN SA SEYÈ A DI, gen yon bagay ki pral rive.’”

109 Epi nan demen maten antan nou te kanpe la, anpil nan mesye yo, m pa konnen konbyen ki chita isi a kounye a, te gen douz oswa katòz, kenz nan nou ki te chita la. Toudenkou, yon minis te mache vin jwenn mwen epi li di: “Frè Branham,” li di, “mwen rele *Entèl entèl*.” Li di: “M te youn nan moun ki patwone w yo nan Kalifòni.”

110 Mwen di: “M kontan rankontre w, mesye.” Douglas McHughes. Li di: “Mwen . . .” Mwen di: “M kontan rankontre w.” M te ba l lanmen.

111 Li di: “Ebyen, bon, m vle poze w yon kesyon.” Li di . . . Roy Roberson, se administratè isi a; Frè Wood, Terry ak Billy, e, o, Frè Mc Anally, e m pa konnen ki tout moun ki te kanpe la. E mwen . . . Li di: “M vle mande w yon bagay.” Li di: “Èske Seyè a janm ba w vizyon lòt kote konsa?”

112 Mwen di: “Wi, frè, men mwen vin isi a pou m yon jan elwaye de li, pou m repoze.”

Epi m te gade toutotou *konsa*, epi m te wè yon doktè ki gen gwo kò t ap gade l, li di: “Reveran McHughes, alèji sa nan je w la pral detwi je w byento. M te pran swen w pandan de lane, e m pa ka fè anyen sou sa.”

Epi m te tounen vè limenm. Mwen di: “Sa k fè w te mande m sa, doktè w la te di w, lòt jou: ‘Alèji sa te nan je w.’” Se te nan mitan jounen an, vè onzè, e li te mete linèt solèy. Mwen di: “Rezon an; ou pa mete sa akòz solèy la, se akòz je w. Li te di w ou te ‘pral pèdi je sa.’”

Epi li te konmanse kriye, li te di: “Se vre.”

113 M te tounen pou m mache ankò, m te gen yon pèl nan men m. E m te gade; m te wè l kanpe la ap gade m, je l yo te jis osi klere. Mwen di: “Men MEN SA SEYÈ A DI, ou p ap pèdi je sa.” M t ap chase avè l otòn pase sa, li ka wè pi byen ke mwen ak nenpòt moun nan gwoup la. Li pa janm . . .

114 E m te wè yon dam aje ki te desann ba li epi li te souleve bò jip li. Li di: “Pitit mwen, si w wè Frè Branham, di l pou l priye pou pye m yo.” E m te gade laba, e ti . . . sanble ak kèk timè ki te pandye sou pye l yo, toutotou.

115 Mwen di: “Manman w se yon dam ak cheve gri. ‘Pitit mwen,’ ou wè. Li te di w anvan w te pati, si w te wè m, pou fè m priye pou pye l yo. Li gen kèk ti timè, ki sanble, yo pandye toutotou pye l yo.” Li te manke dekonpoze.

Li di: “Sa se laverite.”

Mwen di: “Di l pa enkyete. Tout bagay va byen.”

116 M te konmanse mache ozalantou. Alò m te tande Vwa Bondye pale, Li di: “Sòti nan chemen an, byen vit.”

Roy Roberson ki kanpe la, konnen li te yon veteran nan lagè, m te poze men m sou zepòl li, mwen di: “Frè Roy, kache, osi vit ke w kapab!”

Li di: “Kisa k genyen?”

Mwen di: “Sòti nan chemen an! Kache!”

¹¹⁷ E m te jis konmanse mache ozalantou, m te depoze pèl mwen an, m te vire tounen, m te retire chapo m. E men Li vini, Glwa Bondye tonbe nan yon toubiyon ki te rache bò mòn lan konsa, epi Li te eksploze epi te souke plas la konsa, koupe tèt ti touf bwa yo; jis anviwon twa oswa kat, senk pye anlè tèt mwen. Li te tounen monte tankou yon antonwa konsa; Li te eksploze ankò. E, men Li ki te vini la, twa fwa.

¹¹⁸ Alò lè Li te pati, twazyèm fwa a, Frè Banks te avanse, li di: “Se de sa ou t ap pale a?”

M di: “Wi.”

Li di: “Kisa sa te ye?”

¹¹⁹ Mwen di: “Bondye parèt nan toubiyon.” M pat konnen si L te vle m di moun yo ou non.

¹²⁰ Alò m t al fè wout mwen epi m te priye on ti kras. Lè sa Li te di m mwen te ka di yo. Mwen di: “Se jijman k ap frape Kòt Lwès la.” Gade l jodi a! Gade sa k te pase kèk èdtan apre sa: Alaska te koule. E kounye a tout bagay la ap anglouti. N ap antre nan jijman an. Yo meprize Mizerikòd la.

¹²¹ Men mèsì Bondye, nou genyen Manje kache, Manje espiritiyèl, ke n ap viv de bonte ak mizerikòd revelasyon Jezikri nan dènye jou sa yo, antan L ap konfime Tèt Li nan mitan pèp Li. Amèn! Yo te antre. Eli te antre anvan sechrès la te rive. Mèsì Bondye poutèt nou anndan anvan jijman an konmanse. Kounye a se yon moman pou sòti epi antre, sòti nan òganizasyon sa yo epi antre nan Kris, yon moman pou sòti epi antre pou tout vrè kwayan yo.

¹²² Alò yo te rele l, epi li te rete anndan la. Sonje, li pat janm kite ravin lan jiskaske Bondye te rele l.

¹²³ Epi apre sechrès la te sou pwèn fini, Li te rele l sòti la, pou l ale kay yon vè. Remake, Li te rele vè sa. E vè sa pat asosye tèt li ak enkredil yo; pran mak bèt la pandan sechrès la. Kifè Li te rele l pou . . . te rele Eli pou soutni vè sa. Yo te jis genyen yon sèl ti gato, yon sèl ti bagay li tap kenbe. Epi Eli te di: “Ban mwen sa, an premye. Paske, MEN SA SEYÈ A DI, barik sa p ap vin vid ni krich la p ap cheche, jouk jou Seyè Bondye a va voye lapli sou tè a.” Mete Bondye an premye, Pawòl Li an premye!

¹²⁴ Remake, te gen farin nan barik la. Chak fwa li t al chache farin, te gen farin nan barik la. Te gen lwil nan krich la, chak fwa li t al chache l. Poukisa? Farin te reprezante Kris nan ofrann farin lan. Grenn yo te dwe plase kòrèkteman, pou moulen chak ladan yo. Chak grenn nan farin sa te egzaktteman menm bagay

la, sa ki montre ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Se te Pawòl la, Pen Lavi a k ap swiv mesaj la, pou konfime Pawòl la.

125 Se konsa sa ye jodi a, zanmi yo. Se konsa sa ye jodi a, ke Pen Lavi ke timoun yo manje a, swiv Mesaj Bondye a, pou soutni yo pandan tan sechrès la. E si Li te kanpe nan prezans nou jodi a? E si Li te kanpe nan prezans nou kounye a menm? Li t ap aji epi fè jis egzakteman menm jan L te fè nan jou lè L te nan lachè isi a sou tè a. Lepouz la fè pati de Mari a, Legliz la parèy ak Kris. “Zèv ke Mwen fè yo nou va fè yo tou.” E se Pawòl la ki te fè li. Li te di nou ke zèv ke L te fè yo ke nou t ap fè yo tou.

126 Nou remake isi a ankò, si Pawòl la nan nou epi Li vin jwenn nou, kòm Li te fè pou Eli nan epòk sa, Li va fè menm bagay ke li te fè a, li ta manje Bagay sekre Bondye yo ki kache devan mond lan. O! Ankò, sa fè Mesaj la ak mesaje a youn. Manje espiryèl la prè, e Li nan sezon ki rive a kounye a. E nou chak ka gen Manje sa si nou swete L, si w prè pou w elwaye w de tout enkredilite nan lè sa, si w prè pou w vini nan Kris, antre nan pwomès Li a.

Epi sonje pwomès Li yo, nan Malachi 4, Lik 17:30, epitou nan Sen Jan 14:12, ak konbyen Ekriti an plis, k ap di, Jowèl 2:38, ak tout sa L ta fè, oswa 2:28, pito, sa Li ta fè nan dènye jou sa yo. E kijan pwofèt la te di ke ta gen Limyè nan dènye jou sa yo, kijan Sa ta fonksyone, kisa Li ta fè, tout Ekriti yo ki pwente vè dènye jou sa yo. E sa se Kris! Si w ka kache nan Sa kounye a, nan Lye sekre sa, ou ka manje epi wè bonte ak mizerikòd Bondye. Si w malad, gen lagerizon la.

127 Nou sonje lè Elize, pita, te fè desann . . . Apre ofrann farin sa ke l te genyen an, Kris, epi li te soutni kay vèv la avè L. Remake vè pita lè l te fè dife desann sot nan syèl yo, e latriye, epi li te pwouve ke se Bondye k te voye l, Lespri pwofèt la.

128 Remake nan dezè a, lè l te kouche la anba pye jenè a, yon Anj desann avèk menm kalite farin lan, epi li te kwit kèk gato epi li te ba l manje. E yon ti kras pita li fè l dòmi ankò, epi li te reveye l, epi li te gen kèk gato anplis ki te kwit pou li. E li t ale ak fòs gato sa yo pandan karant jou. Glwa pou Bondye! Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. O, ala renmen nou renmen L, Manje espiryèl nan sezon Li!

129 “Li pa byen pou pran pen timoun yo epi bay chyen manje l.” Èske Jezi pat di menm bagay la a fanm Siwofenisyèn lan? Yo te voye L bò kote Pa L yo. Sa se vre. E se bò kote sila Li vini . . . Li pat janm al bò kote Moun lòt Nasyon yo.

130 E kounye a jodi a Li vizite Moun lòt Nasyon yo nan epòk pa yo, e li pa byen . . .

131 Ou di: “Poukisa Mesaj la pa ale nan gwo tonton plas sa yo, nan gwo kwazad sa yo, tankou pami denominasyon yo?”

132 Se pa Manje pa yo. Se pa Manje, swadizan legliz la. Se Nouriti Lepouz la. Se Manje espiryèl pou sezon an. Li t ap fè yo

malad nan vant yo. Li twò rich pou yo. Ou wè? Ou wè? Ou—ou—ou pa ka fè sa. Men, pou timoun yo, Se Pen, Se Lavi, Se Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

¹³³ Nou pral twò an reta si nou pa kòmanse liy pou lapriyè a kounye a, kifè annou bese tèt nou jis yon moman.

¹³⁴ Chè Bondye, Manje nan bon sezon an, Manje espiritiyèl. Yon bagay ke lemond pa konn anyen ladann. Kijan nou tandè Seyè nou an di jou swa sa, oswa jou sa laba nan Samari, nan menm plas kote Eli te mache a epi li te di: “Ebyen, lawouze p ap tonbe jiskaske m fè l vini.” Men Jezi ki te kanpe la ap di disp Li yo.

Yo di: “Mèt, poukisa Ou pa manje?”

Li di: “Mwen gen yon Manje ke nou pa konnen.”

¹³⁵ Vrèman, Seyè, Manje Li se te fè volonte Bondye, pou wè zèv Bondye yo manifeste nan tan Li. Li te la pou asire ke sa te fèt. “M pa fè anyen sof si Papa M montre M li anvan. Sa Papa a montre M, se sa M fè.”

¹³⁶ E, Papa, se konsa l ye jodi a. Legliz la, vrè kwayan an, Kò kwayan yo, gen aksè a Manje, Manje espiritiyèl, ke kwayan nominal yo pa konnen anyen ladann. Mond lan pa konn anyen nan Manje sa, Papa. Men Legliz Ou a, pèp Ou a, Lepouz Pitit Gason W lan, renmen Li.

¹³⁷ Nou gen aksè a gerizon pou kò nou lè doktè yo echwe. Nou gen aksè a sa. Se youn nan Manje Bondye yo, ke L bay Legliz Li, e Li te pwomèt li nan dènye jou yo bay pitit Li yo ki kwè. Papa, ede nou pou nou timoun ki kwè, paske tout bagay posib pou kwayan yo. Akòde li, Chè Bondye. Nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

¹³⁸ Mwen kwè Billy te di m ke yo distribye kèk kat pou lapriyè. Si yon moun ta di m lèt ki sou kat pou lapriyè a, se tout sa m vle. [Yon moun di: “C.”—Editè a.] C, dakò, ann pran C, youn, pou konmanse, jiskaske m fè liy nou an konmanse. Ou wè, bon, yo ka petèt toupatou. Kounye a, si tout moun . . . Ebyen, ou wè, m pral eseye sa. M pa konnen si nou ka fè l oswa non. Oswa si m ka jis rele nou vin sou estrad la; rete chita trankil. Sa pa yon pwoblèm pou mwen. Si w ta prefere vin isi a la sou estrad la, oswa pou m rele nou sou estrad la, se pa yon pwoblèm, jis nenpòt fason. Mwen jis depann sèlman sou Sentespri a. Mwen depann de Li pou defann Pawòl sa ke m preche a.

¹³⁹ Frè George Wright, mwen kwè Li. Depi m te yon ti gason, lè m te konn vin lakay ou plizyè lane pase, antan m te konn ap koute vye angoulvan sa ki kanpe sou pyebwa a, m toujou kwè menm Mesaj sa. Mwen kwè Se menm bagay la.

¹⁴⁰ Oke, mwen wè y ap fè plas dèyè a la pou fè yon liy pou lapriyè. Oke, kat lapriyè C, nimewo youn, de, twa, kat, senk, vini an premye epi kanpe jis isi a. Si w pa ka leve kanpe, ou va jis leve men w, kèk nan yo ap vin pote w. [Yon moun pale ak Frè

Branham—Editè a.] (Kisa sa ye? Wi. En-en.) Kat lapriyè C, youn, de, twa, kat, senk. E kounye a remake, oumenm ki pa gen yon kat pou lapriyè . . .

¹⁴¹ Bon, sa fè lontan m pa fè yon liy pou lapriyè nan fason sa, sa fè lontan. Konbyen ki sonje komisyon m lan lè n te bati tabènak la isi a? Li di: “Fè zèv yon evanjelis.” Li pat di mwen se yon evanjelis. Li di: “Fè zèv yon evanjelis,” ou wè, “paske lè a pral vini kote sa dwe chanje.” Lè sa ap rive. Trè byen. Bon, nan sa, Li . . .

¹⁴² Ou pa ka melanje de oswa twa ministè diferan ansanm, pastè ak evanjelis, an menm tan. Ou pa ka yon—yon pwofèt e petèt yon pastè, an menm tan, ou wè, paske ou gen diferan travay, diferan ministè.

¹⁴³ Men Seyè a te ban m sa m ta dwe fè nan Mesaj mwen an. Men alò Li te di: “Fè zèv yon evanjelis, byen ranpli ministè w, paske lè a pral rive kote yo p ap sipòte bon Doktrin.” Si se pa sa k ap rive kounye a! Chak legliz denominasyonèl rejte m. Yo pa vle sipòte bon Doktrin. “Men selon pwòp lanvi yo yo va bay tèt yo pwòp doktè pa yo, epi yo va tounen vè fab. Epi yo va fè gran bagay ak eksplwa tankou Janbrès ak Janès ki te kenbe tèt ak Moyiz, men foli yo pral vin manifeste.” Ou wè? Ou wè? Trè byen, imitasyon! Nou wè kijan Janbrès . . .

¹⁴⁴ E, Bondye nan Syèl la konnen, sa plase la menm nan kwen . . . (tabènak sa) . . . wòch depi 1933, ki ekri sou yon paj nan yon Bib, ki plase la menm. Gade kijan yo fè sa. Gade sa ki rive. Imitasyon, jis egzak. Li di: “Kite yo pou kont yo, foli yo pral manifeste menm jan l te ye pou Janbrès ak Janès.” Men nou nan jou sa.

¹⁴⁵ Mwen te wè legliz la alòske nou te jis ap poze pyè angilè a, ak moun ki te panche arebò fenèt yo epi toupatou, ki kanpe bò mi tabènak la. Men li. Yo di, lè sa rive, moun yo nan vil la isi a, yo te di: “Nan espas sis mwa . . .” Noumenm ak yon dola epi katreven santim pou bati yon tabènak, anpil nan moun ki gen garaj te fin deside ke sa ta pral garaj yo. Men li toujou yon bèkay pou Brebi Bondye yo.

¹⁴⁶ Youn, de, twa, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis. C, sis, sèt, uit, nèf, dis. Trè byen.

¹⁴⁷ Bon, “Se Mwenmenm Seyè a ki te plante li, M va wouze li lajounen kou lannwit pou kèk moun pa vin rache l nan men M.” Gade kritik la! Pa gen okenn denominasyon pou apiye L. Pa gen legliz tankou L nan viwonn peyi a isi a. Pa gen Pannkot nan peyi a, okenn lòt bagay pou soutni Li. Tout moun kont batèm dlo a, tout moun kont tout lòt bagay sa yo. Menm pou pwòp fanmi m, pwòp papa m te mete m deyò, m te mete rad mwen nan yon ti sak papyè epi mwen t al viv New Albany. Se vre.

Men atravè anpil danje, traka ak pyèj,
Mwen deja rive;
Se lagras ki mennen m an sekirite jouk isi a,

M gen senkannsizan, e byento fò m travèse rivyè a.

Lagras va mennen m ale.

Alòske m te la depi di mil an,

Klere byen klere tankou solèy la;

Nou p ap gen mwens jou pou nou chante lwanj

Bondye

Pase lè nou te fèk konmanse.

O, ala mwen renmen Jezi! Li se tout mond lan pou mwen!

¹⁴⁸ O, trè byen, konbyen mwen te . . . ? Ki kote m te rete, dis? Èske nou ka pran kèk an plis? Dakò. Kote m te rive, dis, ken? Dakò. C, dis a ken, nenpòt kote w ye, si w ka leve kanpe epi antre nan liy lan. Kisa w di? Huh? Dakò. C, ken, a ven, alò. Kè sa kapab C, ken a ven. Sa ap fè dis moun an plis. Nou wè . . . Ou wè—ou wè kote liy lan kanpe la, nou pa vle yo—yo two sere. E nou pral . . . Dakò.

¹⁴⁹ Kounye a ban m tout atansyon nou; nou p ap long. Men, bon, o, ala yon lè, ala yon tan! M—m swete ke tout moun te ka renmen Seyè a. M—m swete ke nou tout te ka jis rive nan plas sa pou reyalize potansyèl minit sa. Ann eseye l. Jis ban mwen atansyon nou.

¹⁵⁰ Kisa—kisa n ap eseye fè isi a? N ap mete Pawòl Bondye a a leprèv. Eli te fè menm bagay la, li te mache sou montay la apre li te konnen ke se Bondye ki te voye l fè l. Li di: “Kounye a ann pwouve kilès ki Bondye, Bondye ki va reponn ak dife a se Li ki va Bondye.”

¹⁵¹ Epi payen yo kòche kò yo, o, yo di: “Ebyen, sèten, non . . .” Payen yo—yo te konnen dife pa ta pral tonbe, kifè yo t ap kriye epi ajite.

¹⁵² Men Eli te konnen li ta pral tonbe, paske li te genyen yon vizyon ki sot nan men Seyè a.

Ou di: “Li te gen yon vizyon?”

¹⁵³ Wi, mesye! Lè li te mete tout bagay nan lòd, li te di: “Seyè, mwen fè tout sa sou lòd Ou.” Epi lè sa dife a kòmanse tonbe. Lè yo kenbe Pawòl Bondye alalèt, alò se zafè pa Bondye pou okipe L de rès la. Li jis mande w pou w prezante l la. E asire w ke yo rele w pou w prezante l la. Ou wè? E si se sa, Li va okipe L de rès la.

¹⁵⁴ Bon, gen moun isi a ki pral vini nan liy sa ke m pral priye . . . Bon, ebyen, nou jis akote miray la kounye a, dakò, pou kòmanse liy lan. Bon, dabò, omwen yon kote isi a nan bilding lan, kèk moun . . .

Konbyen isi a ki malad epi ki pa gen kat pou lapriyè, leve men nou. Ou wè, jis toupatou. Kounye a, nou konnen si Seyè nou an . . . E mwen kwè L ap fè l, si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li te fè liy pou priyè yo. Moun yo vin jwenn Li nan gwo liy yo, foul moun, Li te manyen yo, te beni yo. Alò Li te rete yon

fwa epi Li di: “Ki moun ki manyen M?” Li te gade alantou, li te di yon fanm poukisa li te manyen L; epi Li te di l pwoblèm san l lan te disparèt, lafwa li te geri li.

¹⁵⁵ E si li te vire tounen epi li te di: “Ebyen, m pa konnen, Seyè, m te gen sa depi lontan?” Sa pa t ap rive. Non, sa pa t ap rive. Non.

¹⁵⁶ E si L te di fanm Siwofenisyèn lan: “Poutèt Pawòl sa w di a, pitit fi w la, dyab la soti nan li,” e si l te di: “Ebyen, bon, Seyè, mwen—mwen te vle W fè l fason sa?” Dyab la—la t ap toujou nan tifi a. Men li te espere jwenn pitit li a fason Li te di li t ap jwenn li.

¹⁵⁷ Kounye a, Li di nou: “Si w kapab kwè! Si w ka di montay sa: ‘Deplase,’ epi w pa doute nan kè w, men kwè ke sa w di a l ap akonpli, ou ka genyen l. Lè w priye, kwè ke w resevwa l, yo pral ba ou li.” Ala yon pwomès!

¹⁵⁸ Bon nonm lan ki preche levanjil sosyal la pa kwè sa ditou. Li ta mache jouk nan pòt la, gade anndan, oswa kanpe la, epi di: “Ebyen, jis yon pakèt lòt fanatik,” epi l al fè wout li. Ou wè? Men li pa konnen ke sa se Manje ki kache a. Li pa konnen ke sa se Bagay sekre a ki kache devan l. Li pa konnen sa. Sa—sa—sa fè pitye, yon lespri ki toutouni, mizerab, avèg, epi yo pa konnen sa. Ou wè? Sa se yon move bagay.

¹⁵⁹ O Bondye, kite m mouri an premye, men pa janm kite m vin konsa. M ta prefere mouri (wi, mesye) pase pou m fè sa. M panse nou tout ta fè l, èske se pa sa?

¹⁶⁰ Men, bon, Bondye pwomèt nou bagay sa yo nan dènye jou yo. Nan Malachi 4, Li di ke Jezikri tap desann epi enkanse tèt Li nan yon chè imèn tankou Li te fè l nan Sodòm. Se vre. Epi Li di lemonn ta nan yon kondisyon Sodòm. E Li di: “Jan l te ye lè sa a, Fis de lòm lan va revele nan jou sa.” Ou wè, Nonm sa ki te desann sou fòm yon nonm lan, se te “Eloyim,” pa Abraham, anvan pitit pwomès sa te vini. Gade sa li te ye, Abraham di se te Bondye. E Bib la di te gen twa nonm ki te vin jwenn li, ak pousyè sou rad yo, yo t ap vwayaje, yo te chita epi yo te manje tankou gason. E Jezi di: “Jis nan tan ke lemonn rive nan yon kondisyon Sodòm, alò Fis de lòm lan ta revele tèt Li ankò.” Non pa Fis de Dye, Fis de lòm, ou wè, ta revele tèt Li.

¹⁶¹ Kounye a konpare sa ak sa dènye pwofèt la te di: “Gade, M ap voye pou nou Eli pwofèt la, e li va mennen kè timoun yo tounen bay papa yo.” Ou wè? Yon Mesaj pou mennen yo tounen nan Bib la, epi Fis de lòm lan va revele Tèt Li nan jou sa. E nan jou sa klewon an sonnen nan dènye aj la, setyèm anj lan, mistè Bondye yo ta dwe devwale nan jou sa. Sèt So yo ta dwe brize. Mistè tout legliz sa yo ak bagay sa yo, kijan yo te rive, epi sa ki pa . . . kijan, sa ki te pase.

¹⁶² Ou wè, yo pa konnen L. Jezi te di: “Noumenm Farizyen avèg!” Li di: “Si yon avèg ap kondwi yon avèg, èske toulede p ap tonbe nan yon twou?” Ou wè, se pou rezon sa moun sa yo pa wè Sa.

163 Mistè bagay Sa, So sa yo, se ke chak legliz sa yo te fè yon òganizasyon epi yo te antre ladann, e se youn nan bagay sekre yo ki te mal devan Bondye. Ou wè li, Doktè Lee? Ou wè, gade. Se sa. Sa se bagay la menm ki la. Se youn nan sekre yo. Yo te òganize epi, ou wè, epi yo te konplètman andeyò volonte Bondye. E sa pral devwale nan dènye jou yo, e va kondwi moun yo, non pa nan yon kredo oswa yon denominasyon, men mennen yo tounen nan Pawòl la. E vrè Pawòl la va vin jwenn yon sèten gwoup moun, e Fis de lòm lan va revele Tèt Li nan mitan yo, “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

164 O la la! O, mwen renmen sa. Mwen renmen—mwen renmen vante Li. Mwen renmen rann Li gran devan moun yo. M pa bezwen rann Li gran; Li deja gran. Li sitèlman wo ou pa ka pase anlè Li, sitèlman ba ou pa ka pase anba Li, sitèlman laj ou pa ka kontoune Li, e poutan ou gen plas nan kè w pou Li. Èske w pa ta vle resevwa L? Ala Seyè nou an mèveye! Trè byen.

165 Kounye a ann rete trankil tout bon, tout moun. Bon, nou te pale de Sa. E kounye a bagay la se ke, èske Se vre? Bon, ka gen kèk etranje isi a. M ta ka di si . . . pou ou, si Kris se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, kisa Li ta fè nan minit sa? Li t ap fè menm bagay ke Li te fè lè Li te isi a anvan. Èske se vre? Lafwa moun yo t ap manyen rad Li, e Li t ap tounen. Jan Li te fè pou fanm lan bò pwi a, ak jan Li te fè lòt kote yo, e Li te konnen panse yo.

Bon, ou di: “Èske Li ta ka geri mwen?”

166 Pawòl Li di Li te deja fè sa. Men bagay la se ke, se pou fè konnen Limenm ke Li isi a.

167 Bon, si Li te parèt devan nou sou yon fòm fizik, ke Li ta jis sanble egzaktman tankou *Tèt Kris a Trantwazan Hoffman* lan, ak san k ap koule nan men Li, e latriye, mak klou sou Li toupato, m pa t ap aksepte sa. Non, non. Non, non. Lè Li vini, Limenm, “Tout je va wè Li, tout lang va konfese Li; e menm jan zeklè a sòti nan Lès rive nan Lwès, se konsa sa pral ye tou.” Ou wè? Nou pa kwè nan sèk ak klan sa yo. Nou kwè Bondye se Pawòl la.

168 Men Li enkane Limenm, Li pran kò m ak kò pa w, epi Li ba ou don, Li ban mwen don, e atravè don sa yo Li fè konnen Tèt Li. Sa se Manje sekre a. Pa gen pwoblèm konbyen Li ta fè konnen Tèt Li pa mwenmenm, ou dwe kwè Sa, ou dwe gen yon don lafwa, tou, pou kwè Sa. Ou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] E kounye a si L ap manifeste Tèt Li nan fason sa, èske w ap kwè L? [“Amèn.”] Ak tout kè w, èske w ap kwè L? O, ala mèveye, m jis ap tann Li, m jis ap tann pou wè sa Li di.

169 Men yon nonm ki kanpe isi a. M pa janm wè l nan vi m, dapre sa m konnen. Ou sanble yon bon gason, fò, ki an sante, e se pwobab ke se sa li ye, mwen—mwen—mwen pa konnen. Men Li kanpe la. Kounye a m ta ka al poze men sou nonm sa epi

priye pou li, mande l si l ta kwè. Li ta ka kanpe isi a epi di m, di: “Mwen—mwen—mwen vle w priye pou *Entèl*. E mwen gen—mwen gen anba pla pye m ki plat. M gen yon tèt fè mal, san rete. M gen ilsè nan lestomak mwen,” oswa yon bagay konsa. Li—li, m pa konnen. Li ta ka di nenpòt nan bagay sa yo.

¹⁷⁰ M ta di: “Dakò, mesye, frè. M pral poze men sou ou epi priye pou ou.” Sa t ap kòrèk tout bon. Se egzaktman sa nou fè tout atravè laj la. Èske se sa?

¹⁷¹ Men, sonje, Jezi te di ke li ta diferan jis nan moman Vini Li an, tankou li te ye nan tan Sodòm lan. E Nonm lan ki te vini an, te tounen do li bay tant lan kote Sarah te ye a, epi Li di (non pa “Abram,” la a) “Abraham.”

¹⁷² Ou wè, li te Abram, jou anvan an. Men li te gen yon vizyon, e Seyè a te di l sa: “M pral chanje non w.”

¹⁷³ E men Seyè a, Limenm, nan fòm yon nonm, k ap manje ak bwè avè l. Li te di: “Abraham, kote madanm ou, Sarah?” S-a-r—r-a-h; pa S-a-r-r-a.

Li di: “Li nan tant lan, dèyè W la.”

¹⁷⁴ Li di: “M pral vizite w, selon pwomès Mwen an depi vennsenk lane pase.”

¹⁷⁵ E Sarah te on jan ri anndan li. Li di: “Sarah fèk sot ri nan tant lan, antan li di: ‘Kouman bagay sa yo ka fèt?’” En-en. “Èske gen yon bagay twò difisil pou Bondye?” Ou wè? Anyen. Non, mesye.

¹⁷⁶ Kounye a Li di, Jezi te pwomèt ke “Limenm, Fis de lòm lan,” ki se Pawòl la, (èske w kwè sa?) “ta vini nan dènye jou yo epi ta revele Tèt Li nan tan ke lemond te tankou Sodòm ak Gomò.” Ou kwè se vre?

¹⁷⁷ Anvan nou fè yon sèl lapriyè, kèk nan nou ki la lapriyè epi gade si Fis de lòm lan toujou menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Jis mande si se sa Li ye, di: “Seyè, nonm lan pa konnen m, men m konnen ke Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” gade si Li di w sa.

Wi, mesye. Kounye a leve tèt ou jis yon moman.

¹⁷⁸ Li dèyè mwen. Se yon timoun. Li gen yon lafyèv k ap boule l kounye a la. Se yon ti fi. Ou pa sot nan vil la. Timoun lan gen yon pwoblèm lestomak. Li te genyen l. Jis kwè.

¹⁷⁹ Bon, èske se sa Li te di L t ap fè? M pat janm wè moun sa nan vi m. Bondye nan Syèl la konnen sa.

¹⁸⁰ Nonm sa isi a, li parèt trè fò epi an bòn sante. Men gade lonbraj ki sou li a la? Sa vle di, si Bondye pa ede l, li p ap isi a trè lontan. Li gen kansè. Se nan poumon w.

Kounye a, Fis de lòm lan isi a.

Li gen yon fado sou kè li pou yon ti gason, yon ti pitit. Èske se vre? Ou kwè Bondye ka di m ki pwoblèm timoun sa genyen? [Frè a di: “Mwen konnen L kapab.”—Edite a.] Li kapab. Li gen

ti twou memwa tankou yon fòm epilepsi. Li fenk sot gen youn toutalè a. [“Maten an.”] Se vre, maten an. E ou kwè ke w pral viv pou elve gason sa, epi li pral vin kòrèk?

¹⁸¹ Kote Charlie Cox ye? Kote l ye? Charlie, kote w ye? Mwen te panse l te isi a aswè a. Bò isi a, Charlie. Gary, kote w ye? Larry, èske l isi a? Ti gason l lan te gen menm bagay la, egzakteman menm bagay la. Kote w ye, Larry? Vin isi a yon minit. Ebyen, men ni. Ti gason sa isi a te gen menm bagay la. Papa l ak manman l se yon trè bon zanmi m. Plizyè lane de sa mwen te laba, e ti gason sa te pran kriz, li te jis pèdi konesans epi li pat gen konsyans de anyen. Se te epilepsi. Mwen te disène l sou ti gason an, m te mande Bondye pou geri l. Li pat janm gen youn depi lè sa. Men papa l; manman l chita isi a yon kote; e men ti gason an, limenm.

¹⁸² Kounye a èske w kwè, mesye? (Mèsi, Larry.) Ou kwè, mesye? Se pou Bondye nan Syèl la akòde w menm bagay la, epi pèmèt ou viv pou w elve pitit la. Bondye beni w.

Ann lapriye.

¹⁸³ Chè Bondye, ede li. Mwen priye pou ke mizerikòd ak gras Ou va sou li epi beni li. Nan Non Jezi.

¹⁸⁴ Retounen nan Lwizyàn kounye a, nan lajwa, bay Bondye lwanj pou li.

¹⁸⁵ O, wi, li te soti nan Lwizyàn, se sèten, alantou Lake Charles. Se sa. Ou wè, mwen ka disène panse nou kounye a. Lwanj pou Bondye!

¹⁸⁶ Ebyen, w ap mande yon—yon bon bagay, ou vle gen yon bebe. Ou deja gen pitit, kèk pitit, men ou vle yon lòt. Se pou Bondye nan Syèl la akòde w li, sè mwen. Vin isi a, m vle jis poze men sou ou.

¹⁸⁷ Chè Bondye, bay fanm lan dezi kè l, paske se yon kòz ki diy. Nan Non Jezi. Amèn.

Kounye a al gen pitit la.

¹⁸⁸ Bondye se yon bon Bondye. Èske nou kwè sa? Li konnen tout sa nou bezwen. Li founi tout sa nou bezwen si nou kwè li. Li di: “Si ou ka kwè!”

¹⁸⁹ M te sere men w yon kote. M pa sonje ki kote l te ye, men mwen te sere men w yon kote. M jis pa sonje egzakteman, men nou jis te yon kote, jodi a yon kote, men m pa konn ki kote l te ye. Men se pa la, nou pa isi a pou pale de sa. Ou isi a pou pale de, oswa pou priye, ou vle m priye pou yon lòt moun. Se sa. Li pa isi a. Li nan Georgia, malad. Non sèlman li malad, fizikman, men esprityèlman li malad; kouzen w. Ou kwè Bondye pral okipe L de sa paske ou kanpe pou li? Ou kwè? Vin isi a epi ann priye ansanm.

¹⁹⁰ Chè Bondye, bay nonm sa dezi kè li, pou ke li ka pati epi jwenn nonm sa ap kriye pou Bondye. Nan Non Jezi mwen mande li. Amèn.

Bondye beni w. Piga w doute. Kwè ak tout kè w.

191 Kouman w ye? Se pa paske mwen pat avanse men m pou m sere men w lè sa a, lè w te lonje men w, m t ap remake yon bagay. Se te yon lonbraj, reyèlman sonb epi nwa. Se pou rezon sa. Mwen konnen si m te pran men w, m ta jwenn li fason sa, ou wè. Men se yon kansè. Ou kwè ke Bondye kapab retire l? Li sou pwatrin ou, sou kote gòch. Ou vle retounen an Caroline epi bay Seyè a lwanj paske ou geri, pa vre? Ou wè sa m vle di? Ann priye.

192 Chè Bondye, nan Non Jezikri, Sila Ki prezan kounye a; timoun yo ap manje Pen Bondye a, se pou pitit sa tou jwi lafwa a, Pen Bondye a ke Li ba li kounye a pou gerizon l. Se pou li ale epi pou li vin byen, nan Non Jezi. Amèn.

Bondye beni w, frè. Kwè ak tout kè w.

Kouman w ye?

193 Èske sa se yon moman mèveye? Se jis tankou gen yon krent ki blayi sou moun yo. Oswa, sa ka sanble petèt tankou, nan zòrèy mwen, jis tankou gen yon bagay ki fè: “Wououou!” Ki jis fè yon bwi, tankou: “Wououou,” konsa, ou wè. Se Pen timoun yo. Ou wè? Se pou nou. Se pou nou. Se pa pou mwen; Se pou nou. Mwen trè rekonesan, jis nan tan kounye a, mwen pa . . . Mwen byen, dapre sa m konnen; men Se Pen pou mwen, tou, lè m bezwen l. Se Pen pou nou. Se yon ankourajman. Pou nou ki pa menm malad, li jis mennen kè nou monte vè Bondye.

194 Sa rive egzaktman nan tan an, sa Li te di Li t ap fè: “E menm jan sa te ye nan tan Sodòm lan, se konsa sa pral ye lè Fis de lòm lan va vini, lè Fis de lòm lan va revele.” Ou wè? “Epi, gade, M ap voye pou nou Eli pwofèt la anvan gran jòu terib Seyè a vini. Li va mennen kè moun yo tounen bay Papa a.” Ou wè? Ou wè?

195 “E lè sa moun ki jis yo va foule mechan yo—yo, sann yo.” Yo pral boule tankou yon founèz, ou wè, tè a pral boule. Nou wè sa pral efondre laba. Epi vòlkan pral gaye toupatou sou tè a, epi syèl yo pral pran dife.

O Woche Laj yo, gen pitye pou mwen kounye a, epi nan lè sa a.

196 Kouman w ye? Ebyen, yon sèl bagay, ou gen pwoblèm yon dam, pwoblèm fanm. Ou gen lòt bagay. Ou gen pwoblèm nè, ou jis nan laj sa pou gen pwoblèm nè. Tout kalite konplikasyon. Men ou gen yon dezi, tou, se pou resevwa Sentespri a. Se vre. Se sa li ye. Èske w kwè w ap . . . Èske w konfese tout bagay? Ou kwè si m poze men sou ou epi m mande Bondye pou fè l, Sentespri a ap vini? [Sè a di: “Wi.”—Editè a.] Ou kwè sa? [“Wi, mesye.”] Ann priye.

197 Chè Bondye, mwen poze men m sou fanm sa, nan manyè apostolik la, e mwen mande ke li resevwa batèm Sentespri a. Nan Non Jezikri, se pou li resevwa Li. Amèn.

198 Pa doute de li. Se pou ou li ye, ou wè. Se pou ou. Se Pen timoun yo—yo.

199 Ou te gen yon ti sansasyon etranj lè m te di “pwoblèm fanm,” pa vrè? Paske se sa w te genyen, tou. Bon ou kwè tout bagay prale byen kounye a? Ale, jis remèsye Seyè a.

200 Kouman w ye? Èske w kwè ak tout kè w? Ou kwè ou pral kapab manje jan w te abitye fè l depi lontan an? Trè byen. Ale, epi di: “Mèsi, Seyè. Mwen kwè li.” Prezans Seyè a.

201 Ou kwè ke pwoblèm do sa pral pati kite w epi ou pral santi w byen? Trè byen. Jis ale, di: “Mèsi, chè Bondye,” epi Bondye va akòde li.

202 Ou kwè ou ka vin byen, Seyè a pral fè w vin byen, epi ou p ap gen okenn atrit, ou va santi w byen e an bòn sante? Ou kwè sa? Ale, remèsye Li, di: “Seyè, mwen aksepte l ak tout kè mwen, e mwen kwè li.”

Kisa nou tout ki la kwè sou Sa?

203 Oumenm ki jis isi a, poze men w sou fanm sa ki chita jis bò kote w la, di li ke varis ki nan venn li yo ak atrit la pral kite l. Lè li . . . ? . . .

204 Bondye beni w. Ou kwè ou pral vin byen kounye a? Ale lakay ou epi vin byen. Bondye beni w. Al fè wout ou, epi di: “Mèsi, Seyè Jezi.”

205 Kòman w ye? Ou kwè pwoblèm fanm lan pral kite w, tou, epi ou pral vin byen? Ale, epi di: “Mèsi, Seyè.”

206 Kòman w ye? [Sè a di: “M gen yon katilaj ki dechire.”—Editè a.] Ebyen, o la la, o la la! [“Totten.”] Mwen konnen non ou. Mwen—mwen te abitye . . . [“Totten.”] lè m te pastè legliz Batis la. [“Totten.”] Totten. [“Della Totten.”] Sè Della Totten. W ap soufri ak pwoblèm do kounye a. [“Wi.”] Tout bagay pral kòrèk, kounye a. Ou kwè Li pral fè w vin byen? Ou sonje sa ki te pase laba nan legliz Batis Milltown lan kèk lane pase? [“Wi, mwen sonje sa!”] Li toujou menm Bondye a jodi a. Bondye beni w, sè mwen.

George Wright, ki kote w ye? Ou sonje? O la la, ki jan . . .

Ou kwè, si mwen jis poze menm sou ou, avèk lonksyon sa, ou kwè ou pral geri? Vin isi a. Nan Non Jezikri se pou li geri. Amèn. Gen lafwa!

Ebyen, èske nou tout kwè ak tout kè nou?

207 Bon, ala vye souvni sa raple m, antan m wè dam sa! Mwen pa ka sonje non l, poutan, men mwen . . . [Yon moun di: “Totten.”—Editè a.] Totten. Totten, se sa. O, wi, pitit fi li a se te Bertie. Se sa. Se egzaktaman sa. Pa panse mwen pèdi tèt mwen, mwen jis on ti jan, ou konnen, se on jan de yon . . . M pa ka eksplike sa.

208 Men pwoblèm do w la pati, madam. Ale, fè lwanj pou Seyè a, epi di: “Mèsi, Seyè.”

209 Ou kwè pwoblèm kè w la pral vin kòrèk, tou? Jis ale, rejwi, epi di: “Mèsi, Seyè Jezi,” epi kwè Li. Trè byen. Gen lafwa kounye a. Pa doute.

210 Vini, madam. Èske w kwè ak tout kè w? Ou gen anpil bagay ki ale mal avèk ou. Ou gen pwoblèm do, tou. Ou kwè ke Bondye pral fè w vin byen? Trè byen, jis ale, rejwi. Sa, se Li ki fè w santi w konsa. Remèsye Seyè a. Bondye beni w, sè.

211 Alo, pitit gason m. Ou kwè ke Bondye pral geri pwoblèm nè timoun sa epi fè l vin byen? Ou kwè sa? Dakò. Alo, zanmi, kite m sere men w.

212 Chè Bondye, wete move bagay sa sou ti gason sa, e se pou li viv epi pou li nòmral. Nan Non Jezi. Amèn.

213 Bondye beni w, frè. Ou kwè sa, pa vre? Ou pral vin trè byen. Pa doute ditou.

214 Ou trè jèn pou w gen pwoblèm kè. Ou kwè ke Bondye pral fè w vin byen? Ale, di: “Mèsi, Seyè, poutèt Ou geri mwen.”

215 Ou kwè Bondye pral geri pwoblèm lestomak la epi fè w vin byen? Kontinye wout ou, rejwi, epi di: “Mèsi, Seyè.”

216 Li se toujou Bondye, èske se pa sa Li ye? Sèl bagay ou gen pou fè se jis kwè. Èske se pa vre? Èske w kwè Fis de lòm lan nan dènye jou yo?

217 Te gen yon bagay ki te pase isit la kèk minit de sa, e mwen pa kapab . . . m ap eseye wè ki kote sa te ye. Yon moun te gen lafwa epi li te fè yon bagay. Oswa, petèt mwen pral jwenn yo dimanch pwochen, oswa lè m kapab. Èske ou—ou . . . Men li ankò. Ou leve men w. Èske w kwè Bondye ka geri pwoblèm kè sa, fè w vin byen, geri pitit fi la laba avèk—avèk . . . Ou kwè sa? Madam Neff, ou kwè ke Bondye . . . Leo Neff. M pa konnen w, men se konsa w rele. Ou gen pwoblèm kè, epi ti pitit fi w la gen yon pwoblèm nan ren. Ou kwè li pral vin byen? Lafwa w geri ou. Kwè ak tout kè w.

218 Oumenm dèyè a la ki bò batistè a, ki kanpe dèyè a la ak pwoblèm lestomak la, Jezikri fè w vin byen.

219 Nou kwè? Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ann poze men nou youn sou lòt kounye a. O, panse a lè kote nou ye la, panse a tan an. Panse ke nou nan Prezans menm Jezikri, Pitit Bondye a. Li te pwomèt Li ta fè sa nan dènye jou yo. Mwen gen men m poze sou mouchwa sa yo.

220 Chè Bondye, mwen priye ke Ou va beni mouchwa sa yo pou gerizon kò moun yo, nan Non Jezikri.

221 Kounye a, avèk men nou ki sou youn lòt, nou chak se manm Kò Kris la. Menm Sentespri a ki te pwomèt pou revele sekre kè yo epi fè bagay sa yo, Li nan nou. Nou se yon pati de Li, e Li se yon pati de nou. Bon, men sa Li di: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè.” Sa se nou. “Si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.” Kounye a, pa priye pou oumenm, priye pou sila ou poze men w

sou li a, paske y ap priye pou ou. Kounye a ann priye ansanm, e ke pa gen yon moun fèb nan bilding sa. Poukisa pou n ta rete tann ankò, chè frè mwen, chè sè mwen, men Li, Sentespri a, Bondye, isi a menm, Bagay menm nou te pale a.


²²² Chè Jezi, nou rekonèt Prezans Ou. Ou te bay ti bebe sa lavi ankò lòt jou a, apre li te fin mouri, ak priyè lafwa. Chè Bondye, gen anpil isi a nou pat kapab okipe de yo, tan an ap pase, men yo gen men yo youn sou lòt. Yo se kwayan. Nou chita nan Prezans Seyè Jezikri, ki leve soti vivan nan lanmò, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

²²³ Satan, yo bat ou! Jezikri bat ou! Li te leve soti vivan nan lanmò epi Li kanpe nan mitan nou aswè a, ap konfime Mesaj sa nan dènye jou yo. Soti nan moun sa yo! Kite yo, nan Non Jezikri! “Nan Non Mwen yo va chase demon,” e yo chase w. Nan Non Jezikri, kite kongregasyon sa!

²²⁴ Nou tout kounye a ki aksepte gerizon nou, kanpe sou pye nou. Tout moun ki aksepte lagerizon, kanpe sou pye w. Leve men w kounye a epi ba Li lwanj!

“Kounye a mwen aksepte gerizon m,” di Bondye sa. “Kounye a mwen aksepte gerizon m. Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, Kris. Kounye a mwen kwè Ou, vin sekouri enkredilite m. Amèn.”

M a louwe Li, m a louwe Li,
M a louwe Ayo a ki mouri pou pechè yo;
Se pou nou tout pèp ba Li glwa,
Paske San Li lave tout peche.

²²⁵ Èske nou pa renmen L? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Ann louwe Li alò. Tout moun, ak men nou leve, ba Li lwanj, pandan ke frè a ap vin isi a pou ranvwaye nou. 

MANJE ESPIRITYÈL NAN BON SEZON AN CRE65-0718E
(Spiritual Food In Due Season)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle yon dimanch swa, 18 jiyè 1965, nan Branham Tabernacle nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org